

KISA YO RELE REYABILITASYON PWOFEYONÈL ?

Reyabilitasyon Pwofesyonèl (VR) se yon pwogram leta federal kap travay ak moun ki genyen yon andikap fizik oubyen mantal ki bezwen prepare tèt yo pou jwenn yon travay oubyen pou kenbe travay. VR pran angajman pou ede moun ki andikape jwenn travay ki gen valè.

KISA CHANGMAN LEKÒL LA YE ?

Pwogram VR Changman Lekòl a Travay, ginyin ladan anpil aktivite ki ede elèv ki andikape prepare yo planifye ak siksè pou travay aprè lekòl segondè.

KI KALITE ASISTANS YO KAPAB JWENN NAN MEN VR ?

- Evalyasyon medical ak sikolijik
- Evalyasyon pwofesyonèl ak planifikasyon
- Konsèy ak oryantasyon pwofesyonèl
- Pran eksperyans nan travay pandan moun lan nan lekòl segondè
- Fòmasyon ak edikasyon apre lekòl segondè
- Evalyasyon pou travay ak akomodasyon li
- Plasman nan travay
- Antrènman pou travay
- Fòmasyon souplas nan travay
- Asistans pou travay
- Teknoloji ak aparèy pou founi asistans
- Trètman medical ak sikolijik pandan yon tan limite

ÈSKE TOUT ELÈV ANDIKAPE GEN POSIBILITE POU KALIFYE POU SÈVIS VR ?

Nenpòt elèv ankikape gen posibilite pou kalifye pou resevwa sèvis VR, menm sa yo ki pa kalifye pou Edikasyon Eksepsyonel pou Elèv (CSE). Kontakte biwo local Sèvis VR yo. Pou konnen ki biwo ki pi pre kay ou, ale nan www.rehabworks.org e klike sou VR Office Directory Rejis Biwo VR). Genyen la yon konseye VR ki responsab chak lekòl segondè nan eta Florid la.

2002 Old Saint Augustine Road, Bldg. A
Tallahassee, Florida 32301-4862
(850) 245-3399 (Vwa ak TTY)
(800) 451-4327 (Vwa ak TTY)
www.Rehabworks.org
www.FLJobConnections.com



Se yon pwogram e yon anplwayè ki ofri tout moun menm chans. Lalwa entèdi Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) Depatman Edikasyon Eta Florid, poutèt li resevwa èd finansye federal, pou li fè diskriminasyon ak nenpòt moun nan Etazini akòz ras li, coulè li, relijyon li, sèks li, orijin nasyonal li, laj li, andikap li, afilyasyon politik li oubyen kwayans li.

Pwosedi VR itilize pou trete kandidati yon moun pou detèmine si li kalifye pou sèvis, pou nenpòt sevis pi devan e kèlkeswa pwosis pwogram VR la dwe respekte obligasyon pou pa fe diskriminasyon. Pou moun andikape yap jwenn ed ak sèvis siplemantè si yo mande l. Moun ki sèvi ak aparèy telefòn ak touch (telepwonpte ekipman TTY/TDD) oubyen Sèvis Rele Eta Florid (Florida Relay Service nan nimewo 711 yo kapab kontakte nimewo telefòn palan (kote moun we pale).

Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl nan Depatman Edikasyon se yon patnè ki fyè pou l patisipe nan Plan Estratejik pou Edikasyon Pwochen Jenerasyon nan Eta Florid (Florida's tm Next Generation Strategic Plan for Education).

YON GID POU TRANZISYON SÒTI LEKÒL LIVE NAN TRAVAY

 **Vocational Rehabilitation**
FLORIDA DEPARTMENT OF EDUCATION

KI MOUN KI GEN DWA RESEVWA SÈVIS VR YO ?

Ou kabap kalifye pou sèvis VR yo si ou gen plan pou jwenn yon travay e si ou respekte regleman sila yo:

- Andikap fizik oubyen mantal ou genyen ansanm ak posibilite pou jwenn youn travay
- Èd pwogram VR la nesèsè pou prepare ou pou jwen yon travay oubyen pou ou kenbe youn travay

Si ou resevwa Asirans pou moun ki Andikape Sekirite Sosyal (SSDI) oubyen Revni Sekirite Sipleman tè (SSI), poutèt ou ankikape oubyen yo prezime ou kalifye pou Sèvis VR si ou deside chèche yon travay.

KISA YO RELE PATISIPASYON FINANSYÈ ?

VR pral gade konbyen kòb moun ki kalifye yo pou konnin si yo pral gen pou patisipe nan frè sèvis Reyabilitasyon Vokasyonèl la. Kèk moun oubyen kèk pwogram gen dwa pa ladan e gen moun pap bezwen peye pou sèvis sa yo.

KISA YO RELE ÒDÈ SELEKSYON AN YE ?

Anba Òdè Seleksyon an, tout moun ki kalifye yo mete sou yon lis ki bay priorite a enpòtans andikap moun sa yo. Lalwa Federal mande ke moun ak pi gwo andikap yo sèvi an premye.

KI RESPONSABILITE LEKÒL YO GENYEN ?

Lekòl yo genyen responsablite pou you bay youn edikasyon piblik ki gratis e bon. Genyen nan pwogram sa a enstriksyon espesyal, sipò teknolojik pou elèv ki andikape jis lè yo fini lekòl segondè ak yon diplòm akademik, diplòm espesyal oubyen lè yo gin 22 zan.

KILÈ VR KOMANSE BAY SÈVIS ?

Reprezantan VR disponib pou patisipe nan reyinyon transisyon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) depi ou genyen 16 zan e si ou kapab benefisye sevis VR la pou w kabab rive nan bi travay ou ginyin kòm adilt. Rezon rankont bonè sa a se pou asire ke ou menm ak fanmi ou konnen egzjans Administrasyon VR la mete pou ou kapab kalifye e pou fèw ou konnin tou ki sèvis ki disponib pou ou. Angeneral, yo ankourage elèv yo pou yo enskri yo 2 zan anvan yo kite lekòl segondè konsa Administrasyon VR la kapab detemine kalifikasyon yo e ede ou devlope yon plan travay (IPE). Ou mèt enskri depi ou gin 16 zan siou bezwen asistans pou kapab jwenn eksperyans nan travay pandan ou toujou lekòl.

KIJAN YO KA VOYE YON ELÈV NAN SÈVIS REYADAPTASYON ?

Nenpòt moun gen dwa voye yon elèv, pwofesè, konseye oryantasyon pwofesyonel, manm pesonèl lekòl, espesyalis tranzisyon yo, paran oubyen elèv la. Tanpri sevi ak enfòmasyon kin nan do tliiv sa a pou ou kontakte nou.

KISA KI RIVE APRÈ SA ?

Ou rankontre ak yon konseye VR pou ou komanse ak pwosesis enskripsyon an e pou detèmine kalifikasyon. Depi ou kalifye yap mete ou nan òd ki base sou priorite. Le ka pa ou a soti nan lis datant lan, ya pral travay ak ou pou devlope yon plan travay pèsone (IPE). Plan travay ke nou ap devlope ansanm lan ap genyen tout sèvis nesèsè ki kapab ede ou jwen travay ke ou bezwen.

KI EMPÒTANS PATISIPASYON AN GENYEN ?

Siksè planifikasyon changman an depann sou patisipasyon paran ou oubyen gadyen ou nan èd ke yap ba ou pou ou kapab rive nan bi ou ginyin. Byenke premye relasyon ou se ant ou menm ak konseye VR la, sipò fanmi kontinye jwe yon wòl enpòtan nan siksè ou aprè lekòl segondè.

KISA KAP RIVE SI MAP RESEVWA BENEFIS SEKIRITE SOSYAL ?

Li posib pou ap travay e kontinye resevwa benefis Sekirite Sosyal ak Medikèd. Kondisyon yo espesifik pou chak moun e se ak yon Reprezantan Administrasyon Sekirite Sosyal la pou ou diskite kesyon sa yo.